**दिन–रविवार** **दिनांक–07.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना के लेल आवेदनक प्रक्रिया आइ सँ आरंभ भऽ गेल। एहि योजनाक अंतर्गत महिला सभ के रोजगार आरंभ करबाक लेल प्रारंभ मे दस हजार टाका सोझे हुनक बैंक खाता मे देल जायत। एकर बाद लाभार्थी महिला के काजक आकलन कऽ अतिरिक्त दू लाख टाका धरिक सहायता राशि देल जायत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे एहि योजनाक लेल एक विशेष आनलाईन पोर्टल लॉन्च कयलनि। जाहि मे आवेदनक प्रक्रिया आ ओहि सँ जुड़ल आन जनतब प्रदान कयल गेल अछि। एहि पोर्टलक माध्यमे महिला सभ सोझे रोजगारक लेल आवेदन कऽ सकतीह आ योजनाक लाभ प्राप्त कऽ सकतीह। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री योजनाक प्रति लोक सभ मे जागरूकताक लेल दू सय पचास प्रचार वाहन सभ के सेहो हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे ई योजना मात्र आर्थिक सहयोग नहि अपितु महिला लोकनि के आत्मनिर्भर बनायब आ हुनक जीवन स्तर मे सुधार अनबाक प्रयास अछि। कार्यक्रम मे मुख्यमंत्रीक संग उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कमार सिन्हा आ ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार सहित आन कैबिनेट मंत्री सेहो उपस्थित छलाह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सीवान जिला मे पांच सय अंठावन करोड़ पैंतीस लाख टाकाक लागतिबला नओ विकास योजना सभक शिलान्यास कयलनि। एहि मे जिलाक मैरवा, मोहम्मदपुर सँ छपिया– टेढ़ीघाट, गोपालपुर पथक चौड़ीकरण, सीवान रेलवे स्टेशन सँ पचरूखी रेलवे स्टेशनक मध्य आरओबीक निर्माण आ माधोपुर–महाराजगंज मे विद्युतशक्ति उपकेन्द्रक निर्माण सहित कतेको योजना सम्मिलित अछि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

---

केन्द्र सरकार प्रदेशक आठ जिलाक दस सड़कक लेल छओ सय पचहत्तरि करोड़ टाकाक स्वीकृति देलक अछि। सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्रालय, केन्द्रीय सड़क आ

बुनियादी ढांचा कोष योजनाक अंतर्गत बक्सर, सारण, भागलपुर, पूर्णियां, अररिया, नवादा, मधुबनी आ पूर्वी चंपारण जिला मे सड़क निर्माण कराओत।

————————————————————————

पुरूष एशिया कप हॉकी चैंपियनशिपक फाइनल आइ सांझ भारत आ कोरियाक मध्य खेलायल जायत। ई मैच बिहारक राजगीर मे सांझ साढ़े सात बजे आरंभ होयत। भारतीय टीम एशिया कप तीन बेर जीत चुकल अछि। कोरिया पछिला बेर ई खिताब जीतने छल। मौजुदा चैंपियनशिप मे भारतीय टीम एखन धरि अजेय रहल अछि। भारतीय टीम मलेशिया आ चीन ऐहेन मजगूत टीम सभ के हरा कऽ फाइनल मे पहुंचल अछि।

————————————————————————

जदयूक राष्ट्रीय प्रवक्ता राजीव रंजन प्रसाद दावा कयलनि अछि जे बिहार विधानसभा चुनाव मे महागठबंधनक घटक दल सभके विपक्षक लेल आवश्यक सीट सेहो नहि भेटत। राजद आ कांग्रेसक दिस सँ सरकार बनेबाक वादा सभ के लऽकऽ ओ कहलनि जे बिहारक लोक दोबारा जंगलराजक सरकार नहि चुनताह। ओ कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अगुवाईबला बिहारक एनडीए सरकार सभ क्षेत्र मे अभूतपूर्व विकास कयलक अछि। श्री प्रसाद कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार विकासक नम्हर लाईन खींच देलनि अछि। ओ कहलनि जे एहि बेरक विधानसभा चुनाव विकास बनाम झुठा वादा पर आधारित होयत।

————————————————————————

बंगालक खाड़ी मे चक्रवाती परिसंचरणक कारणे काल्हि प्रदेशक सीतामढ़ी, मुजफ्फरपुर, दरभंगा, बक्सर, औरंगाबाद, सीवान, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण सहित कतेको जिलाक अनेक स्थान पर वर्षा संभावना अछि। मौसम विभाग अररिया आ किशनगंज जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षाक येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि दरमियान तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि।

————————————————————————

भादव मासक पूर्णिमा पितरपक्षक आरंभक प्रतीक अछि जे पितर सभक आत्माक शांतिक लेल महत्वपूर्ण अछि। आइ सँ आरंभ भेल पितरपक्ष मे श्रद्धालु द्वारा पूर्वज सभक लेल फल्गु नदी मे स्नान कऽ पिण्डदान कयल जा रहल अछि। पितरपक्ष एक्कैस सितंबर धरि रहत। एम्हर, पटनाक पुनपुन मे अंतर्राष्ट्रीय पितरपक्ष मेला सेहो आइ सँ प्रारंभ भऽ गेल।

———————————————————————————

आइ वर्षक दोसर चंद्रग्रहण अछि। ई पूर्ण चंद्रग्रहण होयत। ई ग्रहण बिहार सहित पूरा भारत मे स्पष्ट रूप सँ देखाई पड़त।

———————————————————————————

समाप्त